Aku datanglah, Tuhan, pada-Mu;
Dalam darah-Mu kudus sucikan diriku.

PL : Sang Kasih, Tuhan kami, perbaharuilah kami dengan kuasa-Mu supaya kami terbuka terhadap panggilan suci-Mu sehingga kehadiran kami berdampak di tengah masyarakat. Inilah Tuhan seru dan doa kami yang kami bawa dalam rengkuhan kasih Bapa, Anak dan Roh Kudus Tuhan kami.

Umat menyanyikan Refrein KJ 33
Aku datanglah, Tuhan, pada-Mu;
Dalam darah-Mu kudus sucikan diriku.

Berita Anugerah
(umat berdiri)

PF : Tetapi kamulah bangsa yang terpilih, imamat yang rajani, bangsa yang kudus, umat kepunyaan Allah sendiri, supaya kamu memberitakan perbuatan-perbuatan yang besar dari Dia, yang telah memanggil kamu keluar dari kegelapan kepada terang-Nya yang ajaib: kamu, yang dahulu bukan umat Allah, tetapi yang sekarang telah menjadi umat-Nya, yang dahulu tidak dikasihani tetapi yang sekarang telah beroleh belas kasihan (1 Petrus 2:9-10). Demikianlah berita anugerah dari Tuhan.

U : Syukur kepada Allah

Nyanyian Umat

KJ 357:1-4 “Dengar Panggilan Tuhan”

(Bait 1 dinyanyikan bersama)

- 1) Dengar panggilan Tuhan,
dan oleh kuasa-Nya
kau jadi anak Tuhan,
pelayan umat-Nya.

(Bait 2 oleh kaum perempuan)

- 2) Gunakanlah bakatmu,
pemb'rian kasih-Nya;
amalkanlah karyamu
bagi manusia.

(Bait 3 oleh kaum laki-laki)

- 3) Percaya pada Tuhan,
Tangan-Nya pandumu,
dan kasih anug'rah-Nya
tumpuan bagimu.

(Bait 4 Dinyanyikan bersama)

- 4) Berikanlah bantuan
bagi sesamamu;
pancarkan cahaya Tuhan

di dalam hidupmu.

B. PELAYANAN FIRMAN

Doa Pelayanan Firman (umat duduk)

(Lektor menempatkan diri, PF menaikkan doa)

Bacaan Pertama

L1: Bacaan pertama dari Yesaya 58:1-9

Demikianlah Sabda Tuhan

U: Syukur kepada Allah

Mazmur Tanggapan

L2: Mari kita menanggapi bacaan pertama dengan membaca Mazmur 112.

Bacaan Kedua

L3: Bacaan kedua dari 1 Korintus 2:1-12

Demikianlah Sabda Tuhan

U: Syukur kepada Allah

Pembacaan Injil

PF: Pembacaan Injil, dari Matius 5:13-20

Demikian Injil Yesus Kristus, yang berbahagia ialah mereka yang mendengarkan Firman Tuhan dan yang memeliharanya. HALELUYA

U: (menyanyikan HALELUYA)

Khotbah

Menghidupi Panggilan Suci

Saat Teduh

Saat Hening

Pengakuan Iman (umat berdiri)

M : Marilah dengan bangkit berdiri dan penuh penghayatan, bersama seluruh umat Allah, kita mengucapkan ikrar percaya kita yaitu Pengakuan Iman Rasuli yang demikian.....

U : (mengucapkan bersama)

Doa Syafaat (umat duduk)

(PF menaikkan doa syafaat diakhiri dengan doa Bapa Kami)

Pokok-pokok doa

- Ucapan syukur 73 tahun perjalanan YAKKUM
- Pelayanan bersama Sinode GKJ, GKI SW Jateng, GKSBS melalui YAKKUM
- Partisipasi umat terlibat dalam karya kemanusiaan
- Pergumulan umat dan jemaat setempat.

U : (doa syafaat diakhiri dengan mengucapkan/menyanyikan bersama “Doa Bapa Kami”)

C. PELAYANAN PERSEMBAHAN

Nas Persembahan

M : Mari kita mengucap syukur atas cinta kasih Tuhan melalui berkat yang telah kita terima untuk kita persembahkan kepada Tuhan. Sebagai dasar persembahan terambil dari Kisah Para Rasul 20:35: Dalam segala sesuatu telah kuberikan contoh kepada kamu, bahwa dengan bekerja demikian kita harus membantu orang-orang yang lemah dan harus mengingat perkataan Tuhan Yesus, sebab Ia sendiri telah mengatakan: Adalah lebih berbahagia memberi dari pada menerima..” Selamat menaikkan persembahan syukur pada Allah.

Nyanyian Umat **NKB 126:1-3 “Tuhan Memanggilmu”**

- 1) Tuhan memanggilmu, hai dengarlah:
“Apa pun yang terbaik, ya b’rikanlah!”
Dan jangan ‘kau kejar hormat semu,
muliakan saja Yesus, Tuhanmu.

Refrein:

Tiap karya diberkati-Nya,
namun yang terbaik diminta-Nya.
Walaupun tak besar talentamu,
b’ri yang terbaik kepada Tuhanmu.

- 2) Sanjungan dunia jauhkanlah
dan jangan ‘kau dengar godaannya.
Layani Tuhanmu dalam jerih
dalam hidupmu yang t’lah ‘kau beri. Refrein:
- 3) Hari terakhir pun makin dekat,
mantapkan langkahmu, jangan sesat.
Sungguhlah janjiNya, takkan lenyap,
bahwa mahkota milikmu tetap. Refrein:

Doa Persembahan
(umat berdiri)
(M menaikkan doa persembahan)

D. PENGUTUSAN

Nyanyian Umat

PKJ 185:14 “Tuhan Mengutus Kita”

(Bait 1 dinyanyikan oleh cantoria)

- 1) Tuhan mengutus kita ke dalam dunia
bawa pelita kepada yang gelap.
Meski dihina serta dilanda duka,
harus melayani dengan sepenuh.

Refrein (Bersama):

Dengan senang, dengan senang,
marilah kita melayani umat-Nya.
Dengan senang, dengan senang,
berarti kita memuliakan nama-Nya.

(Bait 2 dinyanyikan bersama)

- 2) Tuhan mengutus kita ke dalam dunia
bagi yang sakit dan tubuhnya lemah.
Meski dihina serta dilanda duka,
harus melayani dengan sepenuh. *Refrein (Bersama):*

(Bait 3 oleh kaum laki-laki)

- 3) Tuhan mengutus kita ke dalam dunia
untuk yang miskin dan lapar berkeluh.
Meski dihina serta dilanda duka,
harus melayani dengan sepenuh. *Refrein (Bersama):*

(Bait 4 oleh kaum perempuan)

- 4) Tuhan mengutus kita ke dalam dunia
menolong yatim dan orang yang resah.
Meski dihina serta dilanda duka,
harus melayani dengan sepenuh. *Refrein (Bersama):*

(Bait 5 dinyanyikan bersama)

- 5) Tuhan mengutus kita ke dalam dunia
untuk melawat orang terbelunggu.
Meski dihina serta dilanda duka,
harus melayani dengan sepenuh. *Refrein (Bersama):*

Pengutusan

PF : Arahkanlah hatimu kepada Tuhan.

U : Kami mengarahkan hati kami kepada Tuhan.

PF : Jadilah saksi Kristus

U : Syukur kepada Allah

PF : Terpujilah Tuhan

U : Kini dan selamanya

Berkat

PF : Semoga Allah, sumber pengharapan, memenuhi kamu dengan segala sukacita dan damai sejahtera dalam iman kamu, supaya oleh kekuatan Roh Kudus kamu berlimpah-limpah dalam pengharapan.

U : (*menyanyikan*) Haleluya! (5x), Amin! (2x)

Tata Pangibadah

Bahasa Jawi



**Tata Pangibadah
Ambal Warsa YAKKUM Inggang
Kaping 73**

“NGGEGESANG TIMBALAN SUCI”

Katerangan

PS : Palados Sabda

U : Umat

PL : Palados Liturgi

L : Léktor

M : Anggotaning Majelis/pradataning pasamuwan (Pnt/Dkn)

PECAWISAN

- Juru Musik nglagokaken kidung-kidung pasamuwan
- Pamaosing pokok-pokok pawartosing pasamuwan déning anggotaning Majelis
- Prosèsi lilin (*anggotaning Majelis nyumet lilin*)
- Umat lumebet ing wekdal ening

A. UMAT NYATUNGGIL

Pambuka

(umat lenggah, muter video Yésus Sang Penyembuh)

Kidunging Umat (*umat jumeneng*)

KPJ 14: 1, 3 Kula Samya Tetunggilan

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan
Reff.: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih
yekti
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

- 3) Kula rinimat ing Gusti srana sagunging titah,
mangsa kang silih gumanti samukawis mung éndah. Reff :

Votum

PS: Pangibadah punika lumampah awit pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: *(aklamasi) Amin, amin, amin*

Salam

PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

U : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA *(umat lenggah)*

PL : Jejer pangibadah ambal warsa Yayasan Kesehatan Kristen Untuk Umum (YAKKUM) ing dinten punika inggih “Nggegesang Timbalan Suci.” Gusti Yésus sampun netepaken para pandhèrèkipun supados nindakaken timbalan suci nyaremi lan madhangi jagad. Gesang kita kedah ndhatengaken pangaribawa tumrap gesanging jagad punika. Mangaribawa tegesipun munpangati tumrap tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita.

YAKKUM sampun dados lantaraning gréja lelados wonten ing satengahing masyarakat. Mandhat ingkang dipun pasrahaken inggih punika ngupadi manungsa lan lingkungan kiwa tengenipun supados sami bagas saras lan gesang raharja, minangka bagèan saking maujudipun pakaryan kawilujengan ingkang katindakaken déning Gusti Allah.

Supados pakaryan paladosanipun YAKKUM sangsaya ngoyot wonten ing satengahing masyarakat, pramila kita kedah nyatunggilaken manah mujudaken sih-katresnanipun Gusti Allah ingkang nyata wonten ing satengahing jagad. Kanthi mekaten kita saged mujudaken

timbangan suci saking Gusti, inggih punika nyaremi lan madhangi jagad.

KPJ 435:1,3 “Gustimu Kepareng Mundhut”

- 4) Gustimu kepareng mundhut papan anèng atimu
Resikana dimèn patut, Gusti karsa lumebu!
Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti anèng sajroning ati!
- 3) Rahayu tyang kang samekta saos papan mring Gusti
Antuk padhanging wardaya kang tedhak saking swargi.
Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti anèng sajroning ati!

Donga Pangakening Dosa

(Juru musik nglagakaken KPJ 45:1)

PL: Dhuh Gusti, swanten Paduka lirih nimbali kawula supados kawula ngalami katresnan Paduka. Karsaa Paduka ngapunteni kawula ingkang asring mangkotaken manah tumrap timbalan Paduka satemah kawula mboten saged ngraosaken sih katrenan Paduka.

Umat Ngrepèkaken KPJ 45:1 “Anèng Ngarsané Gusti”

U: Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Dhuh Gusti, dhumateng kawula Paduka sampun mitadosaken peladosan dhumateng jagad. Paduka ngekahaken bilih kawula punika sarem lan pepadhanging jagad. Samangké, Paduka karsaa ngapunteni kawula awit kawula asring dèrèng saged dados sarem lan pepadhang.

U: Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Sang Kristus, Gusti kawula, kapentinganing dhiri kawula asring kawula tengenaken. Kawula asring mboten migatosaken sesami. Kawula asring mboten migatosaken paladosan sesarengan ingkang kedahipun kawula dhasari wonten ing manah ingkang nyatunggil.

Dhuh Gusti, samangké kawula kapang ningali gréja sesarengan kaliyan bebadan-bebadan paladosan darbèkipun sami saged nyatunggilaken manah, nyambut damel sesarengan mujudaken timbalan suci peparang Paduka.

U: Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

PL: Sang Sumbering Katresnan, Gusti kawula, karsaa Paduka nganyaraken kawula kanthi panguwaos Paduka, supados kawula kasagedaken tinarbuka nanggapi timbalan suci saking Paduka, satemah gesang kawula saged mangaribawani gesanging masyarakat. Kados mekaten dhuh Gusti panguwuh lan pandonga kawula, ingkang kawula aturaken wonten ing pangrengkuhing sih katresnanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci, Gusti kawula. Amin.

U: Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

Pawartos Sih Rahmat (*umat jumeneng*)

PS: Balik kowé iku bangsa kang pinilih, kaimaman kaprabon, bangsa kang suci, umat kagungané Gusti Allah pribadi, supaya kowé padha martakaké kautamané Panjenengané, kang wus nimbali kowé saka pepeteng marang ing pepadhangé kang ngéram-ngéramaké. Kowé, kang mauné dudu umaté Gusti Allah, nanging saiki wus dadi umaté, sing mauné ora diwelasi, nanging saiki wus tanpa

kawelasan. (1 Pétrus 2:9-10). Mekaten Pawartos Sih
Rahmat saking Gusti.
U: Puji sokur konjuk Allah

KPK BMGJ 8: 1-3 “Allah Ma’asih”

- 1) Allah Ma’asih asung putranya
Allah Ma’asih mring manungsa.
mila kula ngidung Allah Ma’asih
Allah Ma’asih mring manungsa.
- 2) Gusti ingutus dadya pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
mila kula ngidung Allah Ma’asih
Allah Ma’asih mring manungsa.
- 3) Gusti Pamarta nombokken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
mila kula ngidung Allah Ma’asih
Allah Ma’asih mring manungsa.

B. PALADOSAN PANGANDIKA

Donga Paladosan Pangandika

(Umat lenggah, léktor mapanaken dhiri, PS ngunjukaken pandonga)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan kapethik saking Kitab Yésaya 58:1-9,
ingkang mekaten ijemanipun
.....mekaten sabdanipun Gusti
U: Puji sokur konjuk Allah

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi waosan sepisan kanthi maos
Jabur Masmur 112, ingkang mekaten

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan Kaping Kalih kapethik saking 1 Korintus 2:1-12,
ingkang mekatenmekaten sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Allah

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapethik saking Injil Matius 5:13-20,
ingkang mekaten

Mekaten Injilipun Sang Kristus Yésus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken sabdanipun Gusti
lan nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya....

U: (Aklamasi HALELUYA)

Khotbah

“Nggegesang Timbalan Suci”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli (*umat jumeneng*)

M: Sumangga kanthi jumeneng lan kebak kayakinan,
sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing saindenging
jagad, kita ngucapaken pangaken pitados Rasuli ingkang
mekaten Kawula pitados...

Donga Syafaat (*umat lenggah*)

PS mimpin donga syafaat, kapungkasan Donga Rama Kawula
Pokok-pokok pandonga syafaat:

- Pangucap sokur ambal warsa kaping 73 taun YAKKUM
- Paladosan sesarengan antawisipun Sinode GKJ, GKI SW
Jateng, lan GKSBS anggènipun ngrimati lan
ngrembakaaken YAKKUM

- Nyenyuwun supados umat saged ndhèrèk cancut taliwanda ing bab pakaryan paladosanipun YAKKUM.
- Geguletaning umat lan pasamuwan sapapan.

U: (donga syafaat dipun pungkasi kanthi ngucap/ngrepèkaken “Donga Rama Kawula”)

C. PALADOSAN PISUNGSUNG

Nas Pisungsung

M : Sumangga kita ngucap sokur awit sih katresnanipun Gusti lumantar berkah ingkang sampun kita tampi ingkang sapunika badhé kita caosaken minangka pisungsung konjuk Gusti. Pangandikanipun Gusti minangka dhasar anggèn kita caos pisungsung kapethik saking Lelakoné Para Rasul 20:35 ingkang mekaten ijemanipun, “Tumrap ing sadhèngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kawajiban nyambut-gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus, sabab Panjenengané piyambak wis ngandika: “Rahayu wong wèwèh, katimbang karo nampani.”

Wilujeng nyaosaken pisungsung sokur konjuk Allah....

KPJ 157: 1,3 “Caosna Pisungsungmu”

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

Reff. :...

Donga Pisungsung

(Umat jumeneng, M ngunjukaken donga pisungsung)

D. PANGUTUSAN

KPJ 439 “ING JAGAD KANG PETENG”

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang nggresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reff.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.
Reff.: ...

Pangutusan

PS : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus ing satengahing jagat!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**


PS : Pinujia Gusti Allah kita.

U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

PS : Sami nampènana berkahipun Gusti: Mugi Allah,
sumbering pangajeng-ajeng, ngebaki panjenengan (kita)
karana sadhéngah kabingahan lan tentrem rahayu
wonten ing iman kapitadosan panjenengan (kita),

Bahan Pemahaman Alkitab

Bahasa Indonesia



“Berpihak Pada Yang Lemah”

Bacaan: Yesaya 58:1-9

Tujuan:

1. Melalui Pemahaman Alkitab ini, warga Gereja diharap memahami makna panggilan mewujudkan keberpihakan pada yang lemah
2. Warga Gereja memahami karya YAKKUM sebagai kepanjangan tangan Gereja dalam karya di tengah Masyarakat
3. Warga Gereja mengamalkan iman pada Allah melalui tindakan nyata yaitu keberpihakan pada yang lemah.

Dasar Pemikiran

Mari melihat situasi di sekeliling kita. Ada banyak orang membutuhkan pertolongan. Mereka yang lemah, tidak berdaya, orang-orang rentan, orang yang tidak memiliki biaya untuk berobat, mereka yang kekurangan sandang, pangan, papan, tidak dapat mengenyam pendidikan. Ada juga orang-orang yang hidupnya tertekan karena berbagai situasi lain yang memprihatinkan. Sebagai pengikut Kristus, apa perasaan yang muncul dalam hati? Keprihatinan apa yang muncul? Apa tindakan kita?

Setiap pengikut Kristus dipanggil untuk menyatakan cinta kasih bagi sesama. Hadir bagi mereka yang membutuhkan pertolongan merupakan panggilan kita. Mereka lemah membutuhkan pertolongan. Banyak yang berpikir bahwa orang yang bisa menolong adalah mereka yang kuat, kaya, dan memiliki kemampuan lebih. Cara berpikir itu kurang tepat. Kehadiran bagi yang lemah diawali dari belarasa, keprihatinan dalam hati, keinginan berpulih bersama serta keberpihakan bagi mereka.

Berpihak pada yang lemah merupakan panggilan dari Allah. Yesaya 58:1-9 berisi peringatan Tuhan bagi Israel.

Mereka menjalankan ritual peribadatan dengan baik, namun perilaku hidup sehari-hari dijalankan dengan menindas yang kecil dan lemah. Apa yang berkenan bagi Allah sangat jelas, ritual ibadah saja belum cukup. Ritual harus seiring dengan tindakan nyata membebaskan orang-orang miskin, lemah, tidak berdaya. Hanya dengan ini keselamatan dari Allah dapat dialami dan dirasakan oleh umat Allah.

Pemahaman Alkitab pada hari ini merupakan rangkaian dari peringatan ulang tahun YAKKUM ke 73. GKJ dan GKI SW Jateng mendirikan YAKKUM sebagai cara Gereja hadir secara nyata bagi mereka yang membutuhkan pertolongan karena sakit, lemah, tidak berdaya. Dukungan Gereja bagi YAKKUM merupakan tindakan umat untuk hadir dalam gerak bersama dengan persekutuan yang lebih luas agar kehadiran Gereja berdampak bagi masyarakat.

Metode PA ini dilakukan dengan metode Berbagi Praksis Kehidupan (BPK). Adapun langkah-langkah BPK adalah:

1. Menceritakan/berbagi pengalaman
2. Mengolah pengalaman
3. Mendengarkan firman
4. Memaknai pengalaman secara baru
5. Membaharui hidup

1. Menceritakan Pengalaman

- a. Dari kehidupan sehari-hari, ceritakanlah pengalaman Anda memberikan pertolongan kepada orang yang butuh pertolongan (sakit, punya pergumulan batin, tidak punya biaya berobat, atau pengalaman-pengalaman lainnya?)
- b. Ketika memberikan pertolongan, jenis pertolongan apa yang paling berat untuk dilakukan?

2. Mengolah Pengalaman

- a. Menurut Anda, mengapa memberikan pertolongan bagi yang lemah (sakit, tidak punya biaya berobat, hidup dengan pengumpulan berat) harus dilakukan oleh para pengikut Tuhan Yesus?
- b. Menurut Anda, apa kaitan antara ibadah dengan tindakan nyata seperti memberi pertolongan bagi yang lemah?

3. Mendengarkan Firman

(ajak peserta membaca Yesaya 58:1-8, selanjutnya pemimpin PA menguraikan penjelasan teks yang sudah dibaca)

Penjelasan Teks Yesaya 58:1-9

Konteks Yesaya 58 berkisah tentang keadaan bangsa Israel yang sebagian penduduknya sudah kembali ke Yerusalem. Sebagian lagi masih berada di Babel, sedang menantikan waktu kembali ke negerinya. Sebagai bangsa yang baru ‘merdeka’ dari tangan Babel, bangsa Israel berupaya menata kehidupannya kembali. Mereka percaya, satu hal yang menjadi dasar dari penataan tersebut adalah penataan iman kepada Allah Israel. Mereka ‘galau’ sebab mereka merasa sudah melakukan hukum yang telah diperintahkan Tuhan, namun mereka tetap mendapat hukuman dengan dibuang ke Babel (Linna Gunawan, 2018).

Yesaya menyampaikan Firman Tuhan kepada bangsa Israel yang ‘galau’ dengan kehidupan iman mereka. Mereka tidak ingin melakukan kesalahan yang sama, yang menyebabkan Tuhan marah kepada mereka. Mereka ingin menyembah Tuhan dengan benar. Karena itu, Yesaya mengajak umat untuk hidup dalam iman secara benar yaitu mengamalkan iman secara etis. Ia mengajarkan bahwa mengasihi Allah dan sesama tidak dapat dipisahkan. Semuanya dalam satu kesatuan. Seruannya disampaikan karena ia prihatin melihat kehidupan umat yang sibuk dengan urusan ritual keagamaan namun abai

dengan realitas di sekitarnya. Bahkan jika dicermati, mereka bukan hanya abai pada realitas sosial yang memprihatinkan, namun justru terlibat mencipta situasi yang buruk.

Yesaya meneriakan suara kenabiannya karena Tuhanlah yang memerintahkannya: "Serukanlah kuat-kuat...bertahukanlah kepada umat-Ku pelanggaran mereka" (ay.1). Tuhan amat sedih dengan umat yang rajin menjalankan ritual keagamaan, namun hidup mereka jauh dari etika-moralitas. Setiap hari mereka sibuk mencari Tuhan, berusaha hidup menurut jalan dan hukum-hukum Tuhan, menjalankan puasa dengan tekun (ay.2-3). Namun semua tindakan keagamaan itu tidak berbanding lurus dengan laku hidup bajik. Di tengah menjalankan ritual keagamaan, mereka sibuk berbantah, berkelahi, baku-pukul, sewenang-wenang pada sesama (ay.4). Bagaimana mereka akan berdampak bagi kehidupan jika hati mereka masih penuh dengan kebencian, keburukan, hasrat merusak dan menghancurkan sesama?

Ritual keagamaan tanpa cinta pada kehidupan tiada guna di mata Allah. Kepada umat-Nya Allah mengatakan bahwa puasa yang dikehendaki adalah membuka belunggu kelaliman, melepaskan tali-tali kuk, memerdekakan orang (ay.6). Tindakan itu menjadikan umat hidup dalam kemurahan hati. Tindakan murah hati dilakukan dengan cara memecahkan roti bagi yang lapar, merawat orang-orang yang tidak memiliki tempat tinggal, memberikan pakaian pada yang tidak punya pakaian, peduli pada sesama (ay.7). Puasa itu menjadi tindakan memanusiakan sesama, berpihak pada yang lemah.

Keberpihakan pada yang lemah diperkenan Allah. Ia akan memancarkan terang-Nya kepada umat dan pancaran terang Allah itu dipantulkan umat kepada sesamanya. Dengan menjadi terang, keberadaan umat memancarkan daya Ilahi yang memulihkan (ay. 8). Mengapa Tuhan mengajar bangsa Israel untuk peduli kepada sesamanya yang lemah sebagai bagian dari ibadah mereka, selain ritual? Jawabannya adalah Tuhan mencintai keadilan. Buktinya, Tuhan membebaskan bangsa dari penindasan di Mesir, membawa mereka ke tanah

perjanjian, dan kemudian membebaskan mereka dari tangan Babel. Karena itu, Tuhan ingin bangsa Israel juga melakukan hal yang sama. Kebaikan yang dilakukan oleh bangsa Israel akan membuat mereka menyatakan kasih Tuhan membebaskan yang tertindas, sakit, lemah, miskin, lapar dan kesepian.

4. Memaknai Pengalaman Secara Baru

- a. Setelah mendengarkan firman, apa pemahaman baru yang Anda dapat terkait tentang makna ritual harus seiring dengan tindakan nyata?
- b. Dari firman Tuhan yang sudah dibaca, apa makna keberpihakan pada yang lemah dalam konteks masa kini?

5. Membaharui Hidup

Membaharui hidup bertujuan untuk mendorong umat sampai kepada keputusan konkret, yaitu mempraktikkan pemahaman yang didapat dari PA ke dalam tindakan nyata. Sebelum peserta PA menyatakan tindakan-tindakan yang akan dilakukan, pemimpin dapat mengawali dengan menuturkan kisah pelayanan Suster Prins sebagai cikal bakal RS Bethesda Lempuyangwangi Yogyakarta dan kisah para perintis RS Sinar Kasih Purwokerto.

Suster Prins dan Lempuyangwangi

Sebuah klinik bersalin dan klinik anak-anak dibangun, tidak jauh dari RS. Petronella, tepatnya di daerah Lempuyangan pada 1926. Hal ini dilakukan karena kebutuhan yang terus meningkat, di satu sisi RS. Petronella perlu untuk menambah kapasitas perawatannya, dan di sisi lain juga adanya kebutuhan layanan kepada masyarakat berdasarkan kasus-kasus yang ada. Dibangunnya Klinik Bersalin dan Anak-anak, dianggap sebagai cara untuk merespon fakta tingginya angka kematian ibu dan bayi, serta semakin

banyak pula angka persalinan di Yogyakarta saat itu.

Suster Prins adalah salah satu perawat Eropa yang memiliki kemampuan lebih karena ia juga adalah ahli kebidanan. Maka, selain menjadi mentor bagi siswa-siswa perawat pribumi, kebutuhan adanya Klinik Bersalin dan Anak-anak kemudian menjadi tanggung jawabnya. Hal ini tentu tidak mudah, karena krisis besar yang melanda Eropa menyebabkan merosotnya ekonomi serta berdampak pada sokongan pembiayaan Rumah Sakit baik dari pemerintah maupun swasta. Di tengah situasi ekonomi yang menghimpit, kebutuhan untuk memperluas pelayanan klinik menjadi tantangan yang serius karena tidak kurang dari ribuan angka kelahiran harus dilayani. Sebagai perawat dan ahli kebidanan, Suster Prins adalah mentor sekaligus pelayan yang baik. Bukan hanya ditandai dengan ijazah yang dimilikinya, namun dari etos yang dihayatinya ia menginspirasi. Tidak sedikit bidan-bidan yang terlatih bukan hanya menolong secara klinis, namun juga memiliki ketahanan untuk berjuang di tengah tantangan dan hambatan dalam pelayanan.

Jika kini, selang hampir kita melihat RS. Bethesda Lempuyangwangi masih berdiri, sudah semestinya sosok Suster Prins yang pernah mengelola tempat itu terus dikenang sebagai guru sekaligus pelayan yang baik bagi pekerjaan Tuhan.

Para Perintis Sinar Kasih

RS Sinar Kasih adalah buah dari semangat Gereja dalam melakukan pelayanan kesehatan. Pemikiran untuk mendirikan sebuah klinik sebagai pelayanan diakonia gereja muncul ada masa yang tidak mudah karena gejolak politik di seputar tahun 1965. Tak gentar, dibentuklah panitia untuk

melakukan pembangunan dengan nama-nama seperti Bp. Tan Oen Hong, Ib. Tan Tjoe Djan. Bp, Siauw Giok Gwat, Ib. Tan Lian Ho, Ib. Loe Kian Kie, Ib. Liem Hong Hie, Bp. The Han key, Ib. The Han Key, dan Bp. Ong Tia Wie. Dengan masa persiapan yang cukup panjang, hampir setahun kemudian mulai dibuka sebuah klinik untuk melayani jemaat pada 22 Maret 1966. Dan hanya dalam beberapa bulan, klinik tersebut dibuka untuk umum pada 16 Mei 1966 dengan nama Poliklinik Sinar Kasih yang dipimpin oleh dr. Liem Ing Hien, turut dibantu juga oleh dr. Liem Swie Liong dan dr. Loem Hok Hien.

Oleh karena jiwa pelayanan yang kuat, dan kebesaran hati yang luar biasa, klinik ini berdiri dan berkembang di tengah krisis sosial dan ekonomi di era itu. Bahkan untuk meningkatkan pelayanan yang profesional, Poliklinik Sinar Kasih diserahkan kepada YAKKUM pada tahun 1968 dengan maksud untuk mempertahankan panggilan awal dalam melayani masyarakat dengan lebih baik.

Dalam beberapa dekade poliklinik Sinar Kasih dapat berkembang menjadi Rumah Sakit Umum Sinar Kasih, yang sampai saat ini bertahan dan berjuang untuk terus berkembang di tengah tantangan zaman.

Setelah mendengar firman dan kisah-kisah di atas, apa yang akan Anda lakukan untuk mengamalkan iman kepada Allah dengan wujud berpihak pada yang lemah?


Usai Pemahaman Alkitab, peserta diajak untuk berdoa bagi

- Umat supaya dimampukan mewujudkan iman dan perbuatan secara nyata
- Gereja menjadi sarana untuk saling meneguhkan dalam iman, pengharapan dan kasih

- YAKKUM sebagai lembaga milik gereja supaya mewujudkan panggilan melayani di tengah masyarakat serta dukungan dari semua pihak bagi YAKKUM supaya hadir dan menjadi berkat bagi masyarakat.

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Bahasa Jawi



Ambal Warsa YAKKUM Inggang Kaping 73

MÉHAK DHATENG INGGANG RINGKIH *Waosan: Yésaya 58:1-9*

Ancas:

4. Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, warganing pasamuwan kaajab saged paham bab maknaning timbalan inggang mujudaken sedaya upaya méhak tiyang inggang ringkih.
5. Warganing pasamuwan paham bab pakaryan paladosanipun YAKKUM inggang dados sarananing gréja lelados dhumateng masyarakat.
6. Warganing pasamuwan nélakaken iman kapitadosanipun dhumateng Gusti Allah lumantar tumindak nyata, inggih punika méhak dhumateng inggang ringkih.

Dhasaring Penggalihan

Sumangga sami mirsanana kawontenan ing kiwa tengen kita! Wonten kathah tiyang inggang mbetahaken pitulungan. Wonten inggang ringkih tanpa daya lan kawontenanipun ndrawasi. Wonten inggang mboten gadhah arta kanggé mertamba. Wonten inggang kekirangan sandhang, pangan, papan, lan mboten saged sekolah. Wonten ugi tiyang-tiyang inggang gesangipun kapetek déning kawontenan sanès inggang mrihatosaken. Pitakènanipun, “Minangka pandhèrèkipun Sang Kristus, kadospundi raosing manah panjenengan ningali kawontenan inggang kados mekaten? Kaprihatosan kados punapa inggang tuwuh ing manah panjenengan? Tumindak inggang kadospundi inggang badhé kita tindakaken?

Saben pandhèrèkipun Sang Kristus dipun timbali kanggé nélakaken sih katresnanipun Gusti dhumateng sesami. Ndhatengi lan mitulungi tiyang-tiyang inggang mbetahaken pitulungan dados timbalan kita nresnani sesami sacara nyata.

Tiyang-tiyang ingkang ringkih saèstu mbetahaken pitulungan ingkang nyata. Ananging émanipun, kathah tiyang ingkang menggalih bilih tiyang nembé saged mitulungi menawi sampun kiyat, sugih lan nggadhazi kasagedan ingkang linangkung. Tata penggalihan ingkang kados mekaten saèstu kirang trep. Anggèn kita purun ndhatengi lan mitulungi punika sejatosipun kadhasaran manah ingkang purun belaraos, kaprihatosan ingkang lebet wonten ing manah, pepinginan supados pulih sesarengan, saha pangupaya-pangupaya ingkang méhak dhumateng ingkang ringkih.

Méhak dhumateng ingkang ringkih dados timbalanipun Gusti dhumateng kita. Kitab Yésaya 58:1-9 isi pepèngetipun Gusti dhumateng Israèl. Bangsa Israèl pancèn sampun sami nindakaken pangibadah kanthi prayogi. Ananging émanipun, lampah gesang padintenipun malah nindhes ingkang alit lan ringkih. Punapa ingkang karenan dhumateng Gusti Allah sampun cetha, inggih punika bilih pangibadah kémawon mboten cekap. Pangibadah kedah kairingan déning tumindak nyata mbébasaken tiyang-tiyang miskin, ringkih, lan mboten gadhah daya. Namung kanthi tumindak ingkang kados mekaten, kawilujengan saking Gusti Allah badhé saged dipun alami lan raosaken déning umating manungsa.

Panyuraos Kitab Suci dinten punika dados rerangkèning pèngetan ambal warsa YAKKUM ingkang kaping pitungdasas tiga. GKJ lan GKI Sinode Wilayah Jateng ngedegaken YAKKUM minangka cara anggènipun gréja madeg/wonten sacara nyata kanggé ingkang mbetahaken pitulungan amargi sakit, lungkrah, tanpa daya. Panyengkuyungipun gréja tumrap YAKKUM dados tumindak ingkang umat madeg/wonten sacara nyata minangka wujud ingkang pakempalaning para tiyang pitados ingkang langkung rowa. Tujuwanipun, supados adegipun gréja saèstu saged munpangati tumrap gesang masyarakati.

Panyuraos Kitab Suci punika katindakaken kanthi métodhe “Berbagi Praksis Kehidupan” ing pundi ingkang sami rawuh

sami mbagèkaken praktèk saha rèfleksining gesangipun minangka tiyang Kristen. Lampahing Panyuraos Kitab Suci katata kados mekaten:

1. Nyariosaken utawi mbagèkaken pengalaman sacara ringkes, cekak aos.
2. Ngolah pengalaman
3. Mirengaken sabdanipun Gusti
4. Negesi pengalaman sacara anyar
5. Tekad nganyaraken gesang

6. Nyariosaken / mbagèkaken pengalaman

- c. Saking gesang padintenan, para sadhèrèk kaaturan nyariosaken pengalamanipun bab mitulungi tiyang ingkang mbetahaken pitulungan (sakit, nggadahi geguletan batin, mboten gadhah arta kanggé mertamba, utawi pengalaman-pengalaman sanèsipun).
- d. Nalika asung pitulungan, jinis pitulungan punapa ingkang paling awrat panjenengan tindakaken?

7. Ngolah Pengalaman

- c. Miturut panjenengan, kénging punapa asung pitulungan dhumateng tiyang ingkang ringkih dados bab ingkang kedah dipun tindakaken déning para pandhèrèkipun Sang Kristus?
- d. Miturut panjenengan, punapa sesambetanipun antawisipun ibadah lan tumindak nyata kadosta asung pitulung dhumateng ingkang ringkih?

8. Mirengaken Sabdanipun Gusti

(Para rawuh kaajak maos Yésaya 58:1-8. Saklajengipun pemimpining Panyuraos Kitab Suci maosaken andharan waosan Kitab Suci kasebat)

Andharaning Yésaya 58:1-9

Yésaya 58 nyariosaken bab kawontenaning bangsa Israèl ingkang sapéranganipun sampun wangsul malih dhateng Yérusalèm. Sapéranganipun malih taksih wonten ing negari pambucalan Babél. Tiyang-tiyang kasebat saweg ngrantos wekdal kanggé wangsul dhateng negarinipun. Minangka bangsa ingkang mentas kémawon “mardika” saking panguwaosing bangsa Babél, bangsa Israèl mbudidaya nata gesangipun malih. Tiyang-tiyang punika pitados, bilih satunggaling bab ingkang dados dhasar nata sedaya punika inggih punika nata iman kapitadosanipun dhumateng Gusti Allahipun. Ananging tiyang-tiyang punika sami mangu-mangu awit sami rumaos sampun nindakaken angger-angger ingkang dipun titahaken Gusti, ananging tetep sami pikantuk paukuman, dipun bucal dhateng negari Babél.

Nabi Yésaya martosaken pangandikanipun Gusti dhumateng bangsa Israèl ingkang mangu-mangu bab gesang kapitadosanipun. Tiyang-tiyang punika mboten kepéngin malih nindakaken kalepatan ingkang sami, ingkang ndadosaken Gusti duka kaliyan piyambakipun. Tiyang-tiyang punika kepéngin nyembah Gusti kanthi leres. Awit saking punika, nabi Yésaya ngajak umat supados gesang wonten ing iman kapitadosan ingkang leres, inggih punika ngamalaken iman kapitadosanipun kanthi tumindak ingkang leres. Nabi Yésaya mucal bilih nresnani Gusti Allah lan sesami mboten saged dipun pisahaken. Kekalihipun nyatunggil dados setunggal. Panguwuhipun nabi Yésaya punika kaundhangaken awit raos prihatosipun ningali umat ingkang sami sregep ngibadah ananging mboten migatosaken kasunyataning gesang ing kiwa tengenipun. Malah menawi dipun gatosaken, mboten namung punika kémawon, bangsa Israèl malah tumut nyipta kawontenan ingkang awon kasebat.

Nabi Yésaya nguwuh-uwuh suwanten kenabianipun awit Gusti piyambak ingkang nitahaken: “Nguwuh-uwuha kang sora Wartakna marang umating-Sun paneraké lan marang para

turuné Yakub dosané” (ay. 1). Gusti saèstu nandang sungkawa awit umatipun ingkang sregep ngibadah ananging gesangipun mboten nindakaken kasaénan. Saben dinten umat sami sengkut ngibadah kados-kados ngupadi Gusti, ngupadi gesang miturut margi saha paugeran-paugeran ingkang dipun tetepaken Gusti, lan nindakaken siyam kanthi sregep (ay. 2-3). Ananging sedaya tumindak tata agami kasebat mboten cocok kaliyan lampah gesang ingkang kedahipun dipun lampahi, inggih punika lampah gesang utami, inggih lampah gesang wicaksana. Wonten ing satengahing nindakaken paugeran agami, tiyang-tiyang punika sami remen bebantahan, regejegan, gebuk-gebukan, lan tumindak sawenang-wenang dhateng sesami (ay. 4). Ing kawontenan manah ingkang kebak raos sengit, awon, péngin ngrisak lan mbesmi sesaminipun kados mekaten, kados pundi tiyang-tiyang punika saged gesang mumpangati ing satengahing gesang sesarengan?

Nindakaken tata agami tanpa sih katresnan dhumateng gesang punika mboten wonten ginanipun ing paningalipun Gusti Allah. Gusti Allah ngandika dhumateng umat bilih siyam ingkang Panjenenganipun kersakaken inggih punika nguculi mblengguning ambek siya, ngudhari tali-talining momotan, saha ngluwari tiyang-tiyang ingkang katindhes (ay. 6). Tumindak-tumindak kasebat ndadosaken umat gesang wonten ing kamirahan. Sedaya punika saged kita tindakaken kanthi nyukani tetedhan tumrap ingkang kaluwèn, ngrimati tiyang-tiyang ingkang mboten gadhah pamondhokan, nyukani sandhangan tumrap ingkang mboten gadhah rasukan, saha preduli dhumateng sesami (ay. 7). Siyam kedah dados tumindak nyata ngajèni sesami minangka titahipun Gusti ingkang aji, saha méhak dhumateng ingkang ringkih.

Méhak dhumateng ingkang ringkih punika bab ingkang karenan ing ngarsanipun Gusti Allah. Kanthi mekaten pepadhang ingkang sampun kita tampi saking Gusti badhé sumunar, tatu-tatu ingkang mbokbilih naté kita alami badhé mantun, kaleresan badhé baris ing sangajeng kita, lan kamulyaning Gusti Allah badhé baris wonten ing sawingking

kita (ay. 8). Kanthi dados pepadhang, gesangipun umat saged nyunaraken daya ilahi ingkang mulihaken sinten kémawon.

Pitakènanipun, kénging punapa Gusti mucal dhumateng bangsa Israèl supados preduli dhumateng sesami ingkang ringkih minangka bagéan saking wujuding pangibadah? Wangsulaniipun inggih punika bilih Gusti nresnani kaadilan. Buktinipun, Gusti karsa ngluwari bangsa Israèl saking panindhesan ing Mesir, mbekta bangsa punika tumuju ing tanah prajanjian, lajeng ugi ngluwari bangsa punika saking astanipun negari Babèl. Awit saking punika, Gusti ngersakaken bangsa Israèl ugi nindakaken ingkang sami. Kasaénan ingkang dipun tindakaken bangsa Israèl badhé nélakaken sih katresnanipun Gusti ngluwari ingkang tinindhes, sakit, ringkih, miskin, keluwèn lan kijènan.

9. Negesi Pengalaman Sacara Anyar

- c. Saksampunipun mirengaken pangandikanipun Gusti, pangertosan anyar punapa ingkang panjenengan tampi bab sesambetan antawisipun maknanipun nindakaken tata agami kaliyan tumindak nyata?
- d. Saking pangandikanipun Gusti ingkang sampun kita waos kalawau, punapa tegesipun méhak dhumateng ingkang ringkih wonten ing kawontenan jaman sapunika?

10. Nganyaraken Gesang

Tataran Nganyaraken Gesang punika nggadhahi ancas tujuan supados mbereg umat mendhet keputusan ingkang nyata, inggih punika mraktèkaken pangertosan ingkang sampun dipun tampi saking Panyuraos Kitab Suci punika wonten ing tumindak nyata. Sadèrèngipun para rawuh nélakaken rancanganing tumindak ingkang badhé dipun tindakaken, pimpinan Panyuraos Kitab Suci saged miwiti kanthi nyariosaken carios Suster Prins minangka cikal bakalipun Griya Sakit Bethesda Lempuyangwangi ing

Ngayogyakarta lan carios bab para perintis Griya Sakit Sinar Kasih ing Purwokerto.

Suster Prins lan Lempuyangwangi

Satunggaling klinik babaran lan klinik laré dipun bangun mboten tebih saking Griya Sakit Pétronélla, peneripun wonten ing Lempuyangan Ngayogyakarta ing taun 1926. Ing saksisih, punika dipun tindakaken amargi kabetahan ingkang sangsaya mindhak ngèngingi kabetahan perawatan. Ing sisih sanès wonten kabetahan paladosan tumrap masyarakat adhedhasar prekawis ingkang saweg dipun adhepi. Dipun bangunipun Klinik Babaran lan Klinik Laré punika dados cara anggènipun Griya Sakit Pétronella nanggapi prekawis inggilipun angka pepejah para ibu lan bayi, saha sangsaya kathahipun angka babaran ing Ngayogyakarta nalika semanten.

Suster Prins punika salah satunggaling juru rawat saking Éropa ingkang nggadhahi kasagedan linangkung awit piyambakipun ugi ahli kebidanan nalika semanten. Pramila, kejawi dados pembimbing tumrap para siswa keperawatan pribumi, piyambakipun ugi dipun pasrahi tanggel jawab dhateng Klinik Babaran lan Klinik Laré kasebat. Bab punika saklajengipun dados mboten gampil amargi wontenipun krisis ékonomi ingkang kedadosan ing Éropa nalika semanten. Punika ndadosaken sokongan arta dhumateng griya sakit, dadosa saking pemerintah punapadéné saking swasta ing Éropa dados anjlok. Wonten ing kawontenan ékonomi ingkang awrat punika kabetahan kanggé njembaraken paladosan klinik dados tantangan ingkang mboten gampil kamangka wonten éwonan tiyang ingkang babaran ingkang kedah dipun ladosi. Minangka juru rawat lan ahli kebidanan, Suster Prins saged dados pembimbing saha palados ingkang saé. Punika mboten namung dipun tandhani lumantar ijazah ingkang dipun darbèki, ananging

ugi dipun tandhani déning tata panyambut damel ingkang dipun tindakaken ingkang mangaribawani kathah tiyang nyonto punapa ingkang dipun tindakaken. Mboten sekedhik bidhan-bidhan ingkang dipun latih ingkang mboten namung ngladosi klinik, ananging ugi nggadahi greget nyambut damel ingkang makantar-kantar wonten ing satengahing rubéda lan pepalang ingkang dipun alami ing paladosan.

Menawi samangké, saksampunipun kirang langkung 96 taun kita taksih saged ningali Griya Sakit Lempuyangwangi ngadeg jejeg, temtunipun kita prelu ngènget-ènget Suster Prins ingkang naté berjuang amrih madeg saha lestantunipun Griya Sakit kasebat, dadosa minangka guru punapadéné minangka palados keserhatan ingkang sembada wonten ing pakaryanipun Gusti.

Para Perintis Griya Sakit Sinar Kasih

Griya Sakit Sinar Kasih nalika semanten madeg minangka wohing gregeting gréja anggènipun nindakaken peladosan ing laladan kesehatan. Nalika semanten, wetawis taun 1965, ing pundi kawontenan politik nembé umup, wonten gagasan ngedegaken satunggaling klinik kesehatan minangka sarana paladosan dhiakonianipun gréja. Mboten geter ngadhepi kawontenan politik ingkang kados mekaten, gréja malah damel panitya ingkang nindakaken pembangunan klinik. Nami-nami ingkang wonten ing kepanitiyaan kasebat inggih punika Bp. Tan Oen Hong, Ib. Tan Tjoe Djan. Bp, Siauw Giok Gwat, Ib. Tan Lian Ho, Ib. Loe Kian Kie, Ib. Liem Hong Hie, Bp. The Han key, Ib. The Han Key, lan Bp. Ong Tia Wie. Kanthi pecawisan ingkang cekap dangu, wetawis setunggal taun, lajeng saged madeg klinik kesehatan ing tanggal 22 Maret 1966. Klinik punika ngladosi pasamuwan kanthi nami Poliklinik Sinar Kasih ingkang dipun pandegani déning dr.

Liem Ing Hien. Dhèrèk lelados wonten ing klinik kasebat inggih punika dr. Liem Swie Liong lan dr. Loem Hok Hien.

Amargi jiwa paladosan ingkang kiyat, lan jembaring manah ingkang ngédap-édapi, klinik punika madeg lan ngrembaka ing satengahing krisis sosial lan ékonomi nalika semanten. Malah supados klinik kasebat saged ngindhakaken paladosanipun sacara langkung profesional, pramila Poliklinik Sinar Kasih dipun pasrahaken dhumateng YAKKUM ing taun 1968. Ancas tujuwanipun inggih punika supados timbalan wiwitan paladosan kanggé lelados dhumateng masyarakat kanthi langkung saé saged tetep dipun ugem.

Saksampunipun pinten-pinten dasa warsa, Poliklinik Sinar Kasih saged ngrembaka dados Griya Sakit Umum Sinar Kasih, ingkang taksih madeg ngantos sepriki lan tetep mbudidaya ngrembaka ing satengahing tantanganing jaman.

Saksampunipun mirengaken pangandianipun Gusti lan carios-carios ing nginggil, punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken kanggé mujudaken iman kapitadosan panjenengan dhumateng Gusti Allah, méhak dhumateng ingkang ringkih?

Sakbibaripun Panyuraos Kitab Suci, para rawuh kaajak ndedonga kanggé:

- Umat supados kasagedaken mujudaken iman lan tumindak sacara nyata.
- Gréja supados dados sarana sami neguhaken iman kapitadosan, pangajeng-ajeng lan katresnanipun.

YAKKUM minangka bebadan darbèkipun gréja supados saged mujudaken timbalan lelados ing satengahing masyarakat. Ugi supados sami nyengkuyung YAKKUM supados YAKKUM saged langkung malih dados berkah tumrap masyarakat.

www.yakkum.or.id

melayani dengan hati

Hati-hatilah
dan
BERJAGA-JAGALAH



